



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS EFÒ POU KONBAT DISKRIMINASYON NAN LOJMAN ATRAVÈ NEW YORK

*Envestisman nan Pwogram Tès Lojman San Patipri a pral ogmante ankèt sou diskriminasyon nan lojman ak amelyore edikasyon ak efò sansibilizasyon sou dwa pou lojman san patipri*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon ekspansyon 2.2 milyon dola Pwogram Tès Lojman San Patipri New York la ki fèt pou elimine diskriminasyon nan tranzaksyon lokasyon ak vant kay yo. Eta New York te fè patenarya ak sis òganizasyon san bi likratif atravè eta a pou deplwaye testè enfiltre yo pou aji kòm potansyèl lokatè ak moun k ap chèche kay. Ekspansyon an pral ogmante ankèt pwo-aktif sou diskriminasyon nan lojman yo sispèk epi amelyore efò edikasyon ak sansibilizasyon sou dwa a lojman san patipri, enkli pou moun ki gen yon antedesan nan enplikasyon sistèm kriminèl.

"Pandan n ap ogmante aksè nan lojman atravè Eta New York, m ap itilize tout resous ki disponib pou mwen pou konbat diskriminasyon nan lojman epi asire ke tout Nouyòkè yo trete avèk diyite, jistis, ak respè lè y ap chèche lojman yo chwazi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman nou an nan pwogram enpòtan sa a voye yon mesaj klè: nou p ap tolere diskriminasyon nan lojman isit la nan New York".

Se Biwo Lojman San Patipri ak Ekitab (Fair and Equitable Housing Office, FEHO) nan Biwo Renouvèlman Lojman ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York k ap administre Pwogram Tès Lojman San Patipri a epi elaji pwogram tès pilòt la ke biwo a te etabli an 2021. Pwogram nan bay kontinuite tou nan [tès ak pwogram sansibilizasyon New York sou eliminasyon baryè yo pou lojman](#) ke Biwo Pwokirè Jeneral New York la lanse an patenarya ak Enterprise Community Partners.

HCR te finalize kontra avèk sis òganizasyon pou fè tès nan 48 konte ki gen ladan Nassau ak Suffolk, Westchester, Albany ak Schenectady, ansanm ak senk minisipalite Vil New York. Tès lojman san patipri a ak patnè sansibilizasyon yo se: CNY Fair Housing, Fair Housing Justice Center, Housing Opportunities Make Equal, Legal Assistance of Western New York, Long Island Housing Services, ak Westchester Residential Opportunities. Ajans Lojman san bi likratif sa yo pral deplwaye "testè" lojman san patipri yo pou aji tankou lokatè potansyèl oswa moun k ap chèche kay pou dekouvrir tretman diskriminasyon ilegal vandè, koutye oswa pwopriyetè yo.

Sansibilizasyon ak fòmasyon pwogram nan pral konsantre sou pwoteksyon lojman san patipri ki gen ladan moun ki gen istwa arestasyon ak kondanasyon. Sansibilizasyon an gen ladan piblise ak mesaj rezo sosyal, evènman fòmasyon, ak kou fòmasyon pwofesyonèl.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York Ia, RuthAnne**

**Visnauskas, te deklare** "Lojman se yon dwa imen esansyèl epi nou dwe kontinye sèvi ak tout zouti ki disponib pou nou pou asire ke tout Nouyòkè yo gen yon opòtinite san patipri ak egal pou yo viv nan kominote yo chwazi yo. Pwogram Tès Lojman San Patipri nou an konplete Akò Lojman New York Gouvènè Hochul la, ki pral abòde yon fason pwo-aktif diferans ki genyen nan aksè nan lojman, delimitasyon zòn esklizyon, ak lòt obstak ki anpeche objektif lojman san patipri yo, epi ap ede nou bati yon New York ki pi bon ak pi ekitab pou tout moun".

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Lojman San Patipri sou sit entènèt HCR Ia:

<https://hcr.ny.gov/feho>.

**Marlene Zarfes, Direktè Egzekitif Westchester Residential Opportunities, te deklare**, "Travay sa a enpòtan anpil pou asire yon mache lojman nan Lower Hudson Valley kote chak fanmi gen yon opòtinite egal pou patisipe, kèlkeswa koulè po, etnisite, sous revni, andikap oswa nenpòt lòt klas ki pwoteje".

**Elizabeth Grossman, Direktè Egzekitif nan Fair Housing Justice Center, te deklare**, "Fair Housing Justice Center (Sant Jistik pou Lojman San Patipri) rekonesan anpil pou sipò HCR epi nou enpasyan pou nou travay sou novo aktivite tès ak sansibilizasyon yo. Tès yo rete yon zouti enpòtan pou òganizasyon lojman san patipri yo itilize nan batay kont diskriminasyon, epi nou pa ka tann pou nou mennen ankèt solid nan reyon Vil New York la. Finansman sansibilizasyon an pral bay yon opòtinite amelyore pou nou ogmante konsyans sou dwa ak responsablite lojman san patipri, espesyalman pwoteksyon solid ke Eta New York te mete an plas pou kontrekare diskriminasyon sous revni, epi bay fòmasyon pou lokatè, moun k ap chèche kay ak founisè lojman yo. Gras a sipò HCR, tout moun nan zòn sèvis nou an pral konnen yo ka vin jwenn nou pou èd, epi pwogram nou yo ap pèmèt yo jwenn èd yo bezwen".

**Ian Wilder, Direktè Egzekitif Long Island Housing Services, te deklare**, "Long Island Housing Services (Sèvis Lojman Long Island) yo rekonesan anvè Eta New York dèske li sipòtè travay lojman san patipri ki nesesè anpil. Finansman sa a pèmèt nou ede fè respekte pwoteksyon ki trè nesesè yo bay dapre lwa Eta New York. Plis toujou, li pèmèt abitan Long Island yo deplase ale nan yon kay ke nou tout ap chèche kote vwazen nou yo ka chwazi pou yo viv nenpòt kote yo vle san diskriminasyon. Se sèlman lè nou simonte diskriminasyon nan lojman ke nou ka libere abitan Long Island yo pou yo viv pi bon lavi yo".

**DeAnna Eason, Direktè Egzekitif Housing Opportunities Made Equal, te deklare**, "Edikasyon ak sansibilizasyon obligatwa pou elimine diskriminasyon nan

lojman ak pou pwomouvwa lojman san patipri. HOME (Housing Opportunities Made Equal) apresye sipò NYSHCR pou konbat prejje nan lojman, ak pwomosyon divèsite ak egalite nan kominate nou yo".

**Sally Santangelo, Direktè Egzekitif CNY Fair Housing, te deklare**, "CNY Fair Housing (Lojman San Patipri CNY) gen yon istwa long nan konbat obstak nan lojman nan reydon Syracuse. Avèk finansman sa a, nou pral kapab fè plis tès lojman san patipri ak sensibilizasyon nan reydon nou an ak pi lwen. Nou pa ka tann pou nou kontinye patenarya avèk Biwo Renouvelman Kay ak Kominote Eta New York la pou elimine diskriminasyon nan lojman".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418